



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 17/11/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO SOU ENSIDAN PATIPRI AK DISKRIMINASYON YO**

“New York ak peyi sa te fonde sou baz ke nou tout kreye egal. Nan semèn ki te swiv eleksyon an, pwomès sa te sone fo pou twòp Nouyokè ak Ameriken.

Krim èn yo te pwopaje toupatou nan peyi a e eta sa A pa t epanye. Yè swa, yo te jwenn flayè k ap fè lwanj pou KKK yo distribye sou machin nan Patchogue. Maten an, yo te dekouvri yon svastika sou tren B a nan Manahattan. Sa yo se sèlman dènye ensidan yo. Administrasyon mwen an te lanse yon kantite investigasyon sou krim èn ki sible minorite ak imigran yo.

Mwen fè apèl a tout fonksyonè piblik, tout pati, e efektivman, tout moun tout kote pou denonse epi repidye ekspresyon sa yo, epi pran angajman pou pini nan tout mezi lalwa ki posib, tout moun ki angaje nan zak sa yo. Rete an silans, se angaje nan yon nouvo tolerans danjere, ki menase fason viv Ameriken nou an.

Kite m klarifye: Zak èn ak entolerans sa yo ale kont tout sa New York reprezante. Nou te akeyi plizyè jenerasyon imigran ak bra ouvè. Eta sa ap kontinye eritaj fyè sa – nou p ap vire do e nou p ap kite retorik chofe sa divize nou. N ap kanpe djanm epi ini an fas entolerans epi montre mond lan ke nou se yon sèl pèp, yon sèl fanmi e yon sèl New York.”

*Nan kòmansman semèn sa, Gouvènè Cuomo te lanse yon liy ijans gratis pou repòte ensidan patipri ak diskriminasyon. Liy ijans lan make yon lòt etap nan efò eta a pou pwoteje Nouyokè yo epi pèmèt sila ki viktim prejidi yo depoze yon plent nan Divizyon Dwa Imen an (Division of Human Rights, DHR).*

*Nou ankouraje rezidan ki fè eksperyans menas ki motive pa patipri, arasman oubyen diskriminasyon yo rele nan liy ijans gradis DHR an nan (888) 392-3644 soti 9 è a.m. rive 5 è p.m. lendi - vandredi. Si w vle repòte yon krim oubyen krent pou sekirite w, rele 911 imedyatman.*

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418